

SS.7.C.3.1

Konpare diferan fòm gouvènman

(Demokrasi dirèk, reprezantan demokrasi, sosyalis, kominis, monachi, oligachi, otokrasi).

SS.7.C.3.1 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap analize senaryo ki dekri divès kalite fòm gouvènman.

Fòm Gouvènman	Senaryo
Demokrasi Dirèk	Gen kèk branch nan tribi Endyen Ameriken Natif Natal yo ki òganize tèt yo, pandan yo fè tout manm gason adilt branch fanmi an vòte pou fè chanjman nan lwa yo.
Reprezantan Demokrasi/Repiblik	Nan peyi Etazini, sitwayen yo eli reprezantan gouvènman nan nivo nasyonal la, eta a, ak nivo lokal la ki pran desizyon pou pèp la.
Sosyalis	Gen kèk moun ki kwè ke sosyalis nesèsè ak posib, pandan ke gen lòt moun ki kwè ke sosyalis fè moun depann twòp sou gouvènman.
Kominis	Nan travay 400 BC l yo, Repiblik la, filozòf Grèk Platon te pwopoze ke: <ol style="list-style-type: none"> 1. Moun nan kominote a ki byen edike ta dwe posede tout pwopriyete yo. 2. Pi bon enterè gouvènman an ta dwe pi wo dezi pèsonèl sitwayen yo. 3. Sitwayen yo ta dwe kontinye travay olye ke yap fè gouman.
Monachi	Nan 20yèm syèk la, monak te jeneralman vîn yon senbòl nan inite nasyonal, pandan ke ofisyè eli yo ki swiv yon konstitisyon genyen pouvwa reyèl.
Oligachi	Angletè an 1215, yon ti gwoup moun ki rich, ki pwisan te fòse wa a pou pataje pouvwa a ak yo.
Otokrasi	Pifò nan lidè yo ki te kòmanse Premyè Gè Modyal la, sete kèk monak absoli ki te rete an Ewòp. Nan Dezyèm Gè Mondyal la, anpil moun ki te kòmanse lagè a sete dictate yo te ye, tankou sa yo ki nan Almay, Japon, ak Itali.
Monarchi Absoli	Lontan nan istwa Ewopeyen, sete wa ak rèn yo ki te gen pouvwa gouvènman an aki te dirije a yon pouvwa ki san limit.

demokrasi dirèk – se yon fòm gouvènman kote pouvwa pou gouvène a se nan men pèò la li soti dirèkteman olye ke se reprezantan eli yo

diktatè - yon lidè militè ki vîn antèt nan yon peyi, souvan ak fòs

kominis - yon fòm gouvènman kote desizyon yon sèl pati posede e kontwole ekonomi an tout antye, e ke pa gen okenn pwopriyete prive

monachi - yon fòm gouvènman gen nan tèt li yon wa oswa yon rèn ki eritye pozisyon an, regne pou lavi, ak kenbe pouvwa ki ka varye nenpòt ki nivo ant yon pouvwa ki limite jiska yon pouvwa ki la pout tan

monachi absoli - se yon fòm otokrasi kote se yon sèl moun kap dirije pouvwa a; yon moun ki te fèt nan fanmi kap gouvène a. Monak yo ka renye pou lavi.

oligachi - se yon fòm gouvènman kote yon ti gwoup moun (souvan grandèg) gen tout kontwòl ak tout pouvwa

otokrasi - yon fòm gouvènman kote yon lidè gen pouvwa san limit

reprezantan demokrasi/repiblik - yon fòm gouvènman kote pèp la eli reprezantan yo pou fè lwa pou yo

sosyalis – se yon fòm gouvènman kote gouvènman an jwe yon gwo wòl pou jere ekonomi an, yo pèmèt pwopriyete prive ak pèp la ka eli lidè yo.